Mabhuku Achashandiswa pa*Musangano weUshumiri Hwedu Uye Kurarama kwechiKristu*

SEPTEMBER 6-12

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | DHEUTERONOMI 33-34

“Potera ‘Mumaoko aJehovha Asingagumi’”

***it*-2-E 51**
Jeshuruni

Zita rekuremekedza raIsraeri. Mushanduro yechiGiriki ye*Septuagint,* zita rekuti “Jeshuruni” rakashandurwa kuti “anodiwa.” Kupiwa kwakaitwa vaIsraeri zita rekuti “Jeshuruni” kwaifanira kuvayeuchidza kuti vaiva vanhu vaJehovha vaakanga aita sungano navo uye kuti vaifanira kuramba vari vanhu vakarurama. (Dhe 33:5, 26; Isa 44:2) Pana Dheuteronomi 32:15, zita rekuti Jeshuruni rakashandiswa zvine kakunyomba. Pane kuti vararame zvinoenderana nezita ravakapiwa rekuti Jeshuruni, vaIsraeri vakava vanhu vasingadzoreki, vakasiya Muiti wavo, uye vakazvidza Muponesi wavo.

***rr* 120, bhokisi**
Kubatsirwa Kwatinoitwa Kuti Tisimuke

Tinogona kuyeuka kuti mazana emakore Ezekieri asati avako, muprofita Mozisi akataura kuti Jehovha ane simba uye chido chekurishandisa pakubatsira vanhu vake. Mozisi akanyora kuti: “Mwari inzvimbo yekupotera kubvira kare kare, maoko ake asingagumi ari pasi pako.” (Dheut. 33:27) Zvechokwadi tinogona kuva nechivimbo chekuti kana tikatarisa kuna Mwari wedu patinosangana nematambudziko, Jehovha achaisa maoko ake pasi pedu, otisimudza zvinyoronyoro, otibatsira kusimuka. —Ezek. 37:10.

***w11* 9/15 19 ¶16**
Mhanya Nhangemutange Nokutsungirira

16 Kufanana naAbrahamu, Mosesi haana kuona chipikirwa chaMwari chichizadziswa panguva yake. VaIsraeri pavakanga vagadzirira kupinda muNyika Yakapikirwa, Mosesi akaudzwa kuti: “Uchaona nyika yacho uri nechokure, asi hauzopindi imomo munyika yandichapa vanakomana vaIsraeri.” Iye naAroni vakanga vamboshatiriswa nokupanduka kwevanhu, zvokuti ‘vakava vasina kutendeka kuna Mwari pakati pevanakomana vaIsraeri pamvura yeMeribha.’ (Dheut. 32:51, 52) Mosesi akagumburwa nazvo here? Kwete. Akakomborera vanhu vacho akagumisa nemashoko aya: “Unofara, haiwa iwe Israeri! Ndiani aripo akaita sewe, rudzi runoponeswa naJehovha, nhoo yokubatsirwa kwako, naiye ari bakatwa rako guru?”—Dheut. 33:29.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***it*-2-E 439 ¶3**
Mozisi

Mozisi aiva nemakore 120 paakafa. Bhaibheri rinotaura nezveutano hwake richiti: “Maziso ake akanga achiri kuona, uye akanga achakasimba.” Akavigwa naJehovha uye hapana akambobvira aziva paakavigwa. (Dhe 34:5-7) Izvi zvinogona kunge zvakaitirwa kuti vaIsraeri vasava pamuedzo wekutanga kunamata kwenhema nekuita kuti guva rake rive nzvimbo inoyera. Zviri pachena kuti Dhiyabhorosi aida kushandisa mutumbi waMozisi nechinangwa ichocho, nekuti Judha, mudzidzi wechiKristu uye munin’ina waJesu Kristu, akanyora kuti: “Mikaeri ngirozi huru paakapesana naDhiyabhorosi, achiitisana nharo naye nezvemutumbi waMozisi, haana

kuona zvakakodzera kuti amutonge nemashoko ekutuka, asi akati: ‘Jehovha ngaakutonge.’ ” (Jud 9) Vasati vayambuka kuti vapinde muKenani vachitungamirirwa naJoshua, valsraeri vakachema Mozisi kwemazuva 30.—Dhe 34:8.

SEPTEMBER 13-19

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 1-2

“Zvaungaita Kuti Nzira Yako Ibudirire”

***w13* 1/15 8 ¶7**
Shinga Jehovha Anewe!

7 Kuti tive noushingi hunodiwa pakuita zvinoda Mwari, tinofanira kudzidza uye kushandisa zviri muShoko rake. Joshua akaudzwa kuti aite izvozvo paakatsiva Mosesi. Akanzi: “Shinga, usimbe kwazvo kuti uchenjerere kuita maererano nomutemo wose wawakarayirwa nomushumiri wangu Mosesi. . . . Bhuku iri romutemo harifaniri kubva pamuromo pako, unofanira kuriverenga nenzwi riri pasi masikati nousiku, kuti uchenjerere kuita maererano nezvose zvakanyorwa mariri; nokuti kana ukadaro uchaita kuti nzira yako ibudirire, wobva waita nokuchenjera.” (Josh. 1:7, 8) Joshua akateerera zano iroro, uye ‘akabudirira.’ Kana tikaitawo izvozvo, tichava vakashinga chaizvo uye tichabudirira mubasa raMwari.

***w13* 1/15 11 ¶20**
Shinga Jehovha Anewe!

20 Zvakaoma kuramba tichiita zvinodiwa naMwari patinenge tichisangana nemiedzo munyika ino yakaipa ine matambudziko. Asi hatisi toga. Mwari anesu. Uye Mwanakomana wake, Musoro weungano, anesuwo. Tinewo Zvapupu zvinopfuura 7 000 000 zviri munyika yose. Pamwe chete nazvo, ngatirambei tichiratidza kutenda uye tichiparidza mashoko akanaka tichifunga rugwaro rwedu rwegore rwa2013: “Shinga, usimbe. . . . Jehovha Mwari wako anewe.”—Josh. 1:9.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***w04* 12/1 9 ¶1**
Pfungwa Huru Dzinobva Mubhuku raJoshua

2:4, 5—Nei Rakabhi achitaura mashoko asiri iwo kuvarume vamambo vari kutsvaka tsori? Rakabhi anodzivirira tsori achiisa upenyu hwake pangozi nokuti ava kutenda Jehovha. Saka haasungirwi kubudisa pachena kune tsori dzacho kuvarume vari kutsvaka kukuvadza vanhu vaMwari. (Mateu 7:6; 21:23-27; Johani 7:3-10) Kutaura zvazviri, Rakabhi aka“nziwo akarurama nemabasa,” kusanganisira zvaakaita paakaudza nhume dzamambo mashoko asiri iwo.—Jakobho 2:24-26.

SEPTEMBER 20-26

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 3-5

“Jehovha Anokomborera Mabasa Anoratidza Kutenda”

***it*-2-E 105**
Jodhani

Munzvimbo dzakawanda, rwizi rwaJodhani nechekuzasi kweGungwa reGarireya rwakadzika zvekubva pamita imwe chete kusvika kumamita matatu uye rwakafara kubva pamamita anenge 27 kusvika ku30. Asi panguva yekukohwa, rwizi rwaJodhani runofashukira uye runobva rwawedzera kufara uye kudzika. (Jos 3:15) Rwizi parwainge rwakazara, zvaiva nengozi kuti rudzi rwevalsraeri urwo rwaisanganisira varume, vakadzi nevana ruyambuke rwizi rwaJodhani, kunyanya pedyo neJeriko. Mvura inomhanya zvakanyanya ipapo zvekuti munguva ichangopfuura vamwe

vanhu vaishambira vakakukurwa. Asi Jehovha akaita chishamiso chekumisa mvura yerwizi rwaJodhani, zvikaita kuti vaIsraeri vayambuke nepakaoma. (Jos 3:14-17) Papera mazana emakore chishamiso chakadaro chakaitika Eriya paaiva naErisha, uye chakazoitikazve Erisha ari ega.—2Mad 2:7, 8, 13, 14.

***w13* 9/15 16 ¶17**
Farira Zviyeuchidzo zvaJehovha

[17] Mabasa okutenda anotibatsira sei kuti tivimbe naJehovha? Funga nezvenhoroondo iri muMagwaro yokupinda kwevaIsraeri muNyika Yakapikirwa. Jehovha akanga arayira vapristi vaiva vakatakura areka yesungano kuti vafambe vachipinda muRwizi rwaJodhani. Asi vaIsraeri pavakasvika vakaona kuti mvura yainge yanaya yakanga yaita kuti rwizi rwacho rwufashukire. VaIsraeri vaizoita sei? Vaizodzika musasa pamahombekombe erwizi vomirira kwemavhiki kuti mvura yacho idzikire here? Aiwa, vakanyatsovimba naJehovha vachibva vatevedzera mirayiridzo yake. Chii chakazoitika? Nyaya yacho inoti: "Tsoka dzevapristi padzakangonyura, rwizi rwakamira kuyerera, . . . uye vapristi vakamira murwizi rwakanga rusisina mvura pedyo neJeriko munhu wose achiyambuka." (Josh. 3:12-17, *Contemporary English Version*) Zvinofanira kunge zvaifadza chaizvo kuona mvura iyoyo yaiva nesimba ichimiswa! Chokwadi, kutenda kwevaIsraeri muna Jehovha kwakasimbiswa nokuti vakavimba nemirayiridzo yake.

***w13* 9/15 16 ¶18**
Farira Zviyeuchidzo zvaJehovha

[18] Mazuva ano Jehovha haachaitiri vanhu vake zvishamiso izvozvo asi anokomborera mabasa avo okutenda. Mweya mutsvene waMwari unovapa simba rokuti vaite basa ravakapiwa rokuparidza mashoko oUmambo pasi pose. Uye Kristu Jesu, Chapupu chikuru chaJehovha, akavimbisa vadzidzi vake paakanga amutswa kuti aizovatsigira mubasa iri rinokosha paakati: "Naizvozvo endai munoita kuti vanhu vemarudzi ose vave vadzidzi . . . Ndinemi mazuva ose kusvikira pakuguma kwemamiriro ezvinhu epanguva yacho." (Mat. 28:19, 20) Vashumiri vaMwari vakawanda vainyara kana kutya, vakazvionera vega kuti mweya mutsvene waMwari wakavapa ushingi hwokutaura nevanhu vavasingazivi mubasa romumunda.—***Verenga Pisarema 119:46; 2 VaKorinde 4:7.***

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***w04* 12/1 9 ¶1**
Pfungwa Huru Dzinobva Mubhuku raJoshua

5:14, 15—Ndiani "Mukuru wehondo yaJehovha"? Mukuru wehondo anouya kuzosimbisa Joshua panotanga kutorwa Nyika Yakapikirwa haasi mumwe kunze kwe"Shoko"—Jesu Kristu paakanga asati auya pasi pano somunhu. (Johani 1:1; Dhanieri 10:13) Zvinosimbisa zvikuru kuvimbiswa kuti Jesu Kristu ane mbiri ari pamwe chete nevanhu vaMwari nhasi sezvavanorwa hondo yemweya!

SEPTEMBER 27–OCTOBER 3

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 6-7

"Siyana Nezvinhu Zvisina Zvazvinobatsira"

***w10* 4/15 20 ¶5**
Rega Kutarira Zvinhu Zvisina Zvazvinobatsira!

[5] Kwapera mazana emakore, maziso omumwe muIsraeri ainzi Akani akaita kuti abe zvinhu zvaiva muguta reJeriko rakanga rakundwa. Mwari akanga ati zvinhu zvose

zvaiva muguta racho zviparadzwe, kunze kwezvimwe zvaifanira kuendeswa kupfuma yaJehovha. VaIsraeri vakayambirwa kuti ‘varege chinhu chakatsaurwa kuti chiparadzwe, kuti varege kuchida,’ vozotora zvimwe zvinhu muguta racho. Akani paakarega kuteerera, vaIsraeri vakakundwa paguta reAi, uye vakati wandei vakafa. Akani haana kubvuma kuti akanga aba kusvikira atozofumurwa. “Pandakaona” zvinhu zvacho, akadaro Akani, “ndakabva ndazvida, ndikazvitora.” Kuchiva kwemaziso ake kwakaita kuti azoguma aparadzwa, pamwe chete “nezvinhu zvake zvose.” (Josh. 6:18, 19; 7:1-26) Mwoyo waAkani wakada zvinhu zvaakanga arambidzwa.

***w97* 8/15 28 ¶2**
Nei Tichifanira Kushuma Zvakaipa?

Chimwe chikonzero chokushuma zvakashata ndechokuti zvinochengetedza ungano yakachena. Jehovha ndiMwari akachena, Mwari mutsvene. Anoda kuti vose vanomunamata vave vakachena mumweya nomutsika. Shoko rake rakafuridzirwa rinokurudzira kuti: “Muve savana vanoteerera, musingaenzanisi mufambire wenyu nokuchiva kwakare pakusaziva kwenyu; asi saiye mutsvene wakakudanai, nemiwo mumene muve vatsvene pamufambire wenyu wose; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Ivai vatsvene, nokuti ini ndiri mutsvene.” (1 Petro 1:14-16) Vanhu vanoita zvinhu zvisina kuchena kana kuti zvakaipa vanogona kusvibisa ungano yose ndokusafadza Jehovha kutoti chiito chokururamisa kana kuti kuvabvisa chikaitwa.—Enzanisa naJoshua, ganhuro 7.

***w10* 4/15 21 ¶8**
Rega Kutarira Zvinhu Zvisina Zvazvinobatsira!

8 VaKristu vechokwadi vanokanganiswawo nechishuvo chemaziso uye chenyama, sezvinongoita vamwe vanhu vose. Naizvozvo Shoko raMwari rinotikurudzira kuti tizvidzore pane zvatinoona nezvatinoda. (1 VaK. 9:25, 27; *verenga 1 Johani 2:15-17.*) Murume akarurama Jobho aiziva kubatana kwakaita kuona chinhu nokuchida. Akati: “Ndakaita sungano nemaziso angu. Saka ndingaramba sei ndakatarira mhandara?” (Job. 31:1) Jobho haana kungoramba kubata mukadzi zvounzenza asiwo akatoti aisazomborega pfungwa dzake dzichifunga zvakadaro. Jesu akati pfungwa hadzifaniri kufunga zvisina kuchena paakati: “Munhu wose anoramba akatarira mukadzi zvokuti anomuchiva atoita upombwe naye mumwoyo make.”—Mat. 5:28.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***w15* 11/15 13 ¶2-3**
Mibvunzo Inobva Kuvaverengi

Munguva dzekare, masoja aiwanzokomba guta raiva nemasvingo kuti arirwise. Guta paraikombwa kwenguva refu, vanhu vaiva muguta racho vaishandisa chikafu chakawanda chavainge vakachengeta zvokuti paiwanzosara chishoma. Masoja paaikunda, aibva atora zvese zvaaida kusanganisira chikafu. Zvisinei, vanochera matongo vakawana muJeriko muine chikafu chakawanda. Nezvenyaya iyi magazini inonzi *Biblical Archaeology Review* yakati: “Kuwedzera pamidziyo yevhu, zviyo zvakawanda zvakawanikwa munzvimbo yaimbova neguta reJeriko rekare. . . . Vanochera matongo mu*Palestine* vakanyora kuti izvi zvaisawanzoitika. Zvichida mudziyo mumwe chete kana kuti miviri yezviyo inogona kuwanika, asi hazviwanzoitiki kuti pawanikwe zviyo zvakawanda.”

Maererano nenhoroondo yemuMagwaro, vaIsraeri vakanga vaine chikonzero chaka-

naka chekuti vasatore zviyo muJeriko. Jehovha akanga arayira kuti vasaite kudaro. (Josh. 6:17, 18) VaIsraeri vakarwisa guta reJeriko vanhu vachangobva kukohwa, zviyo pazvainge zvakawanda. (Josh. 3:15-17; 5:10) Kuwanikwa kwakaitwa zviyo zvakawanda muJeriko kunoratidza kuti vaIsraeri vakakomba guta racho kwenguva pfupi sezvinotsanangurwa neBhaibheri.

OCTOBER 4-10

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 8-9

"Zvatinodzidza Panyaya yevaGibhiyoni"

***it*-1-E 930-931**
Gibhiyoni

Sungano naJoshua. Munguva yaJoshua, guta reGibhiyoni raigarwa nevaHivhi, avo vaiva rumwe rwemarudzi 7 evaKenani aifanira kuparadzwa. (Dhe 7:1, 2; Jos 9:3-7) VaGibhiyoni vainziwo vaAmori, sezvo dzimwe nguva zita iri richiita serinoshandiswa kureva vaKenani vese. (2Sa 21:2; enzanisa naGe 10:15-18; 15:16.) Kusiyana nevamwe vaKenani, vaGibhiyoni vaiziva kuti pasinei nekuti vaiva neuto rakasimba neguta rakakura, kurwisa vaIsraeri kwaisazobudirira nekuti Jehovha airwira vanhu vake. Saka pakaparadzwa Jeriko neAi, varume vekuGibhiyoni avo vangangodaro vaimiririra mamwe maguta matatu evaHivhi anoti, Kefira, Bheeroti, neKiriyati-jearimu (Jos 9:17), vakatuma nhume kuna Joshua kuGirigari kuti vaite rugare. Nhume dzevaGibhiyoni dzakaenda kunosangana nevaIsraeri dzakapfeka nguo neshangu zvakasakara, uye dzaiva nezvihomwe zvematehwe zvekuisira waini zvakasakara, masaga akasakara, uye chingwa chakaoma, chainge chava kuita mafufu, kuti zviite sekuti dzaibva kunyika iri kure yakanga isiri kuzotorwa nevaIsraeri. Vakataura kuti vaiziva zvakanga zvaitwa naJehovha kuljipiti uye kuna Sihoni naOgi madzimambo evaAmori. Asi vakaratidza kuchenjera nekusataura zvakanga zvaitika kuJeriko neAi nekuti mashoko acho aisakwanisa kunge akasvika "kunyika iri kure kwazvo" yavaiti vaibva, zuva ravakasimuka risati rasvika. Varume vaimiririra vaIsraeri vakaongorora zvaitaurwa zvacho ndokuzvibvuma uye vakabva vaita sungano navo kuti vavasiye vari vapenyu.—Jos 9:3-15.

***w11* 11/15 8 ¶14**
'Usavimba Nokunzwisisa Kwako'

14 Sezvo tose tisina kukwana, kusanganisirawo vakuru vane ruzivo, tinofanira kungwarira kuti tisakanganwe kukumbira kutungamirirwa naJehovha patinoita zvisarudzo. Funga zvakaitwa naJoshua nevarume vakuru vevaIsraeri pavakavingwa nevaGibhiyoni vaiita sokuti vainge vabva kunyika iri kure. Joshua nevamwe vake vakaita sungano yorugare nevaGibhiyoni vasina kumbobvunza Jehovha. Kunyange zvazvo Jehovha akazotsigira chibvumirano chacho, akava nechokwadi chokuti kukundikana kwavakaita kukumbira kutungamirirwa naye kunyorwe muMagwaro kuti tibatsirwe.—Josh. 9:3-6, 14, 15.

***w04* 10/15 18 ¶14**
'Famba Nenyika'

14 Vamiririri ivavo vakati: "Varanda venyu vabva *kunyika iri kure kure,* nokuda kwezita raJehovha Mwari wenyu." (Joshua 9:3-9) Mbatya nezvokudya zvavo zvaiita sokuti vaibva kure zvikuru, asi chaizvoizvo Gibhiyoni yaiva makiromita anenge 30 kubva kuGirgari. Ava nechokwadi, Joshua nemachinda ake vakaita chibvumirano choushamwari

nevaGibhiyoni nemaguta aiva pedyo navo aidyidzana neGibhiyoni. Unyengeri hwevaGibhiyoni hwaingova nzira yokuti vasaurayiwa here? Kusiyana neizvi, zvairatidza kuti vaida kunzwirwa nyasha naMwari waIsraeri. Jehovha akabvuma kuti vaGibhiyoni vave "vatemi vehuni navateki vemvura yeungano neyeartari yaJehovha," vachiendesa huni dzeatari yezvibayiro. (Joshua 9:11-27) VaGibhiyoni vakaramba vachiratidza kuti vaida kuita mabasa akaderera mukushumira Jehovha. Zvingangodaro kuti vamwe vavo vaiva vamwe vevaNetinimi vakadzoka kuBhabhironi vakashanda patemberi yakanga yavakwazve. (Ezra 2:1, 2, 43-54; 8:20) Tinogona kutevedzera mafungiro avo nokuedza kuramba tine rugare naMwari uye kuda kuita kunyange mabasa akaderera mukumushumira.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

_it_-1-E 1030
Kuturika

Mumutemo wakapiwa vaIsraeri naJehovha, vamwe vanhu vainge vapara mhosva vaiurayiwa voturikwa padanda sevanhu 'vakatukwa naMwari,' voiswa pachena zvova chidzidzo kune vamwe. Chitunha chemunhu aiurayiwa oturikwa chaifanira kubviswa zuva risati ranyura chovigwa. Kuchisiya chiri padanda usiku hwese kwaisvibisa nyika yakapiwa vaIsraeri naMwari. (Dhe 21:22, 23) VaIsraeri vaitevedzera mutemo uyu kunyange munhu ainge aurayiwa wacho asiri MuIsraeri.—Jos 8: 29; 10:26, 27.

Shanda Nesimba Muushumiri

Tsanangudzo Yemashoko emuBhaibheri
Sungano

Ichi chibvumirano chinoitwa pakati paMwari nevanhu kana kuti pakati pevanhu vaviri vachivimbisa kuti vachaita kana kuti havasi kuzoita chimwe chinhu. Dzimwe nguva munhu mumwe chete ndiye aifanira kuita zvaanenge avimbisa. Pamwe pacho vese vari vaviri vane zvavaifanira kuzadzisa. Bhaibheri rinotaura nezvesungano dzaiitwa pakati paMwari nevanhu, asi rinotaurawo nezvesungano dzaiitwa nevanhu, nemarudzi kana kuti nemadzinza. Pane sungano dzakawanda dzinokosha chaizvo, idzo dzinosanganisira sungano yakaitwa naMwari naAbrahamu, naDhavhidhi, nevaIsraeri (sungano yeMutemo) uye naIsraeri waMwari (sungano itsva).—Ge 9:11; 15:18; 21:27; Eks 24:7; 2Mak 21:7.

_it_-1-E 525
"Dzimwe Sungano"

(a) Sungano yaiva pakati paJoshua nemachinda aIsraeri nevagari veguta reGibhiyoni yekuti vaIsraeri vasauraya vaGibhiyoni. Kunyange zvazvo vaGibhiyoni vaiva vaKenani vakatukwa vaifanira kuparadzwa nevaIsraeri, sungano iyi yaitofanira kuremekedzwa saka havana kuzourayiwa. Asi sezvo vaiva vanhu vakatukwa, vakazopiwa basa rekutsvaga huni nekuchera mvura vachiitira ungano yevaIsraeri. (Jos 9:15, 16, 23-27)

OCTOBER 11-17

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 10-11

"Jehovha Anorwira vaIsraeri"

_it_-1-E 50
Adhoni-zedheki

Mambo weJerusarema panguva yakapinda vaIsraeri Munyika Yakapikirwa. Adhoni-zedheki akabatana nemamwe madzimambo ekumavirira kwaJodhani kuti arwise uto raJoshua. (Jos 9:1-3) Asi vaHivhi vaigara muGibhiyoni vakaita rugare naJoshua. Achiedza kuita kuti vamwe vasabatana nemuvengi, Adhoni-zedheki akabata-

nidza mauto ake neemamwe madzimambo mana evaAmori, uye akakomba guta reGibhiyoni ndokurirwisa. Kununurwa kukura kwakaitwa vaGibhiyoni naJoshua uye kukundwa zvine mutsindo kwakaitwa mauto aya ainge akabatana kwakaita kuti madzimambo acho mashanu atizire kuMakedha, kwaakavharirwa mubako. Joshua pachake ndiye akauraya Adhoni-zedheki nemamwe madzimambo mana pamberi peuto rake, uye akaaturika pamatanda. Zvitunha zvavo zvakazokandwa mubako racho, iro rakava guva ravo.—Jos 10:1-27.

***it*-1-E 1020**
Chimvuramabwe

Kushandiswa kwachakaitwa naJehovha. Chimvuramabwe ndechimwe chezvinhu zvakamboshandiswa naJehovha kuti azadzise zvaakataura uye kuti aratidze simba rake guru. (Pis 148:1, 8; Isa 30:30) Chinotanga kutaurwa nezvacho padambudziko rechi7 rakaitika muljipiti, uye chimvuramabwe ichi chakarova zvinomera, chakaparadza miti uye chakauraya vanhu nemhuka, asi hachina kuitika kuGosheni kwaiva nevaIsraeri. (Eks 9:18-26; Pis 78:47, 48; 105:32, 33) VaIsraeri pavakanga vava Munyika Yakapikirwa vachitungamirirwa naJoshua, vakanunura vaGibhiyoni avo vaida kurwiswa nemubatanidzwa wemadzimambo mashanu evaAmori. Panguva iyoyo, Jehovha ashandisa chimvuramabwe chikuru kuti aparadze vaAmori. Vaya vakafa nechimvuramabwe vakanga vakawanda kupfuura vakaurayiwa nevaIsraeri.—Jos 10:3-7, 11.

***w04* 12/1 11 ¶1**
Pfungwa Huru Dzinobva Mubhuku raJoshua

10:13—Chishamiso chakadaro chinokwanisika sei? “Kune chinhu chingakunda Jehovha here,” Musiki wematenga nenyika? (Genesi 18:14) Kana achida, Jehovha anogona kumisa kutenderera kwenyika zvokuti zuva nomwedzi zvinoita sezvisiri kufamba kana zvichionekwa nomunhu ari pasi pano. Kana kuti anogona kuita kuti kufamba kwenyika nomwedzi kusakanganiswe ukuwo achichinja mwaranzi yezuva nemwedzi nenzira inoita kuti chiedza chinobva kuzvinhu zviviri izvi zvinovheneka chirambe chichivheneka. Chero zvakaitika, “hakuna kumbova nezuva rakadaro” munhau yevanhu.—Joshua 10:14.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***w09* 3/15 32 ¶5**
Mibvunzo Inobva Kuvaverengi

Kutaurwa kwemamwe mabhuku muBhaibheri uye kushandiswa kwaakaitwa hakufaniri kuita kuti tibve tati akafuridzirwa. Zvisinei, Jehovha Mwari akachengetedza mabhuku ose ane “shoko raMwari wedu,” uye aya a“chagara nokusingagumi.” (Isa. 40:8) Chokwadi, mabhuku eBhaibheri 66 akasarudzwa naJehovha kuti tive nawo ndiwo chete atinoda kuti ‘tikwanise zvizere, takashongedzerwa zvakakwana kuita mabasa ose akanaka.’—2 Tim. 3:16, 17.

OCTOBER 18-24

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 12-14

“Tevera Jehovha Nemwoyo Wese”

***w04* 12/1 12 ¶2**
Pfungwa Huru Dzinobva Mubhuku raJoshua

14:10-13. Kunyange zvazvo ava nemakore 85, Karebhi anokumbira basa rakaoma rokudzinga vanhu vomudunhu reHebroni. Nzvimbo yacho inogara vaAnaki—varume

vahombe zvisina kujairika. Nokubatsira kwaJehovha, murwi uyu agara nebasa anobudirira, uye Hebroni rinova guta routiziro. (Joshua 15:13-19; 21:11-13) Muenzaniso waKarebhi unotikurudzira kusaramba mabasa akaoma mune zvokunamata.

***w06* 10/1 18 ¶11**
Shingiswa Nokutenda uye Nokutya Mwari

11 Kutenda kwakadaro kunofambira mberi. Kunokura patinoshandisa chokwadi muupenyu hwedu, patino"ravira" kubatsirwa kwatinoita, 'patinoona' mhinduro dzeminyengetero yedu uye nedzimwe nzira, patinoona kutungamirira kunoita Jehovha upenyu hwedu. (Pisarema 34:8; 1 Johani 5: 14, 15) Tinogona kuva nechokwadi chokuti kutenda kwaJoshua naKarebhi kwakasimba pavakaravira kunaka kwaMwari. (Joshua 23:14) Funga nezvepfungwa idzi: Vakapukunyuka rwendo rwomurenje rwemakore 40, sezvakanga zvavimbiswa naMwari. (Numeri 14:27-30; 32:11, 12) Vakashanda nesimba pakukurira Kenani kwemakore matanhatu. Pakupedzisira, vakararama kwenguva refu vaine utano hwakanaka uye mumwe nomumwe akatopiwa nhaka yake. Zvechokwadi Jehovha anopa mubayiro vaya vanomushumira vakatendeka uye noushingi!—Joshua 14:6, 9-14; 19:49, 50; 24:29.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***it*-1-E 902-903**
Gebhari

Jehovha akataura kuti "nyika yevaGebhari" yaiva pakati penzvimbo dzakanga dzisati dzatorwa nevaIsraeri mumazuva aJoshua. (Jos 13:1-5) Vanoshora Bhaibheri vanoti ichi hachisi chokwadi nekuti guta reGebhari raiva kuchamhembe kweIsraeri, riri kure neanenge makiromita 100 kubva kuDhani uye zvinoita sekuti vaIsraeri havana kuzomboritora. Vamwe vaongorori vanoti mashoko echiHebheru epavhesi iyi anogona kunge akakanganiswa nechimwe chinhu, uye vanofunga kuti paiverengwa pachinzi "nyika iri pedyo neRebhanoni," kana kuti 'kusvika kumuganhu wevaGebhari.' Asi tinofanira kuyeuka kuti vimbiso yaJehovha iri pana Joshua 13:2-7 yaizozadzika kana vaIsraeri vaizoteerera. Saka vaIsraeri vanogona kunge vasina kutora Gebhari nekuti havana kuteerera.—Enzanisa naJos 23:12, 13.

OCTOBER 25-31

PFUMA IRI MUSHOKO RAMWARI | JOSHUA 15-17

"Chengetedza Nhaka Yako Inokosha"

***it*-1-E 1083 ¶3**
Hebroni

VaIsraeri pavairwisa kumaodzanyemba kweKenani, vanhu vaigara muHebroni vakaparadzwa pamwe chete namambo wavo (angangodaro aiva mutsivi waHohamu). (Jos 10: 36, 37) Kunyange zvazvo vaIsraeri pavaitungamirirwa naJoshua vakakunda vaKenani, zvinoita sekuti havana kubva vaisa mapoka evarwi munzvimbo dzavakanga vakunda. Zviri pachena kuti vaIsraeri pavairwisa mamwe maguta, vaAnaki vakadzokazve muHebroni vakagara imomo, uye Karebhi (kana kuti vanakomana vaJudha vachitungamirirwa naKarebhi) akazorwisa vaAnaki akatora guta racho. (Jos 11:21-23; 14:12-15; 15: 13, 14; Vat 1:10) Guta reHebroni rakapiwa Karebhi wedzinza raJudha, uye rakatsveneswa kuti rive guta rekupotera. Raivawo guta raigarwa nevapristi. Asi "nharaunda yeguta [reHebroni]" nemisha yaro zvaiva nhaka yaKarebhi.—Jos 14:13, 14; 20:7, mashoko emuzasi; 21:9-13.

***it*-1-E 848**
Basa Rekumanikidzwa

Munguva dzinotaurwa muBhaibheri, zvakanga zvakajairika kuitisa vanhu "basa rekumanikidzwa," uye vanhu vaikundwa ndivo vaiwanzoitwa varanda. (Dhe 20:11; Jos 16:10; 17:13; Es 10:1; Isa 31:8; Mari 1:1) Sezvo vaiva varanda muIjipiti, vaIsraeri vaiitiswa basa rekumanikidzwa nevakuru veIjipiti avo vaivadzvinyirira, uye vakanzi vavake maguta ePitomu neRamusesi aichengeterwa zvekudya nezvimwewo zvinhu. (Eks 1:11-14) Pavakapinda Munyika Yakapikirwa, vaIsraeri havana kuteerera zvavakanga varayirwa naJehovha zvekuti vadzinge vaKenani vese vaigara munyika yacho uye kuvaparadza, asi vakavaitisa basa rekumanikidzwa, basa reuranda. Izvi zvakaita kuti vaIsraeri vatsauswe ndokunamata vanamwari venhema. (Jos 16:10; Vat 1:28; 2:3, 11, 12) Mambo Soromoni akaramba achiitisa zvizvarwa zvevaKenani ava basa rekumanikidzwa sevaranda zvinoti: vaAmori, vaHiti, vaPerizi, vaHivhi, nevaJebhusi.—1Mad 9:20, 21.

***it*-1-E 402 ¶3**
Kenani

Kunyange zvazvo vaKenani vakawanda vakapona pahondo dzakakura dzakaitika uye vairamba kutongwa nevaIsraeri, zvinogona kunzi "Jehovha akapa vaIsraeri nyika yese yaakanga apika kuti achapa madzitateguru avo," akavapa "zororo kumativi ese," uye kuti "hapana kana chimwe chete chisina kuitika pazvinhu zvese zvakanaka zvakanga zvavimbiswa naJehovha kuimba yaIsraeri; zvese zvakaitika." (Jos 21:43-45) vaIsraeri vaityiwa nevavengi vavo vese, uye vavengi ava havana zvavaikwanisa kuita kuti vavhiringe runyararo rwaiva nevaIsraeri. Mwari akanga avimbisa kuti aizodzinga vaKenani "zvishoma nezvishoma" kuitira kuti nyika yacho yese irege kuva dongo, mhuka dzesango dzikavawandira. (Eks 23:29, 30; Dhe 7:22) Kunyange zvazvo vaKenani vaiva nezvombo zvehondo zvepamusoro pane zvevaIsraeri izvo zvaisanganisira ngoro dzehondo dzine mavhiri ane majeko esimbi, kukundikana kwevaIsraeri kutora dzimwe nzvimbo hakufaniri kuonekwa sekuti Jehovha akatadza kuzadzisa zvaakavimbisa. (Jos 17: 16-18; Vat 4:13) Asi Bhaibheri rinoratidza kuti kukundwa kwaimboitwa vaIsraeri kwaikonzerwa nekusatendeka kwavo.—Nu 14:44, 45; Jos 7:1-12.

Kuchera Pfuma muShoko raMwari

***w15* 7/15 32**
Waizviziva Here?

Ichokwadi here kuti muIsraeri maiva nemiti yakawanda semataurirwo azvinoitwa muBhaibheri?

BHAIBHERI rinotaura kuti Nyika Yakapikirwa yaiva nedzimwe nzvimbo dzaiva nemasango uye miti 'yakawanda kwazvo.' (1 Madz. 10: 27; Josh. 17:15, 18) Asi vamwe pavanoona kuti nzvimbo dzakakura dzenyika yacho angova magwenga, vangafunga kuti hadzina kumbobvira dzava nemiti yakawanda.

Bhuku rinonzi *Life in Biblical Israel* rinotaura kuti "masango akanga ari muIsraeri ainge akakura chaizvo kupfuura zvaave mazuva ano." Miti yainge yakanyanya kuwanda munzvimbo dzakakwirira yaisanganisira miti yemafuta (*Aleppo pine*), mi*evergreen oak,* uye mi*terebinth.* Miti yemionde yainge yakawandawo muShefera, nzvimbo ine zvikomo iyo iri nechepakati pemhenderekedzo yegungwa reMediterranean nemakomo akaita zienda nakuenda.

Bhuku rinonzi *Plants of the Bible* rinoti dzimwe nzvimbo dziri muIsraeri hadzisisina

miti. Izvi zvakakonzerwa nei? Bhuku racho rinotsanangura kuti izvi zvakaitika zvishoma nezvishoma, richiti: “Vanhu vanoramba vachitema miti kuitira kuti vave nenzvimbo yakati kurei yekurima neyemafuro, uyewo kuti vawane zvokuvakisa nehuni.”

© 2021 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania